АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

ЦОЛЪИ

Шамил районалъул газета

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№8 (9792)

РУЗМАН

2 март 2018 сон

14 РАДЖАБ 1439 СОН

Единство

Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ

Багъа 9 гъур. 60 коп.

■ БАЙРАМАЛ

ВатIан цIуни-щивасул жавабчилъи

ВатIан цIунулезул къо кIодо гьабуна 23 февралалда райцентралъул культураялъул кIалгIаялъуб. Гьенир данделъун рукIана районалъул нухмалъулел, Афганистаналъул ракьалда ракълие гIоло рукIарал тункагIусиялзулъ гIахьаллъарал нилъер районцоял, районалъул цо-цо идарабазул нухмалъулел, гьезул вакилзаби, культураялъулгун искусствоялъул хIаракатчагIи, школазул цIалдохъаби.

ниялъул рахъалъ щивав гражданинасда тIад бугеб жавабчилъиялъул бицана ЛъаратIа ва нилъер районазул рагъулав комиссар Арсен МухIамадовас.

Рагъул кьогIлъиялдаса нилъер наслабиго цIунеянги гьарун, баркиялъул калам гьабуна Афганистаналда рагъулаб хъулухъ гьабурал МухIамад Камиловас ва НурмухIамад МухIамадаминовас.

Районалъул аслияб библиотекаялъул хIаракаталдалъун, школлъималазул гIахьаллъигун хасгьабун байрамалде

Районалъул бетIер ВатIанцIунулезул къоялда

Тадбирги рагьун гьеб нухда бачана культураялъул, спорталъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев Гъапар ГIабдуламухIамадовас.

Данделъаразда байрамги баркун ВатIан цIуниялъулъ нилъер ракьцояз лъураб ва жеги лъолеб бугеб бутIаялъул, гьеб жавабчилъи цIиял гIелазулъги куцазе кколин абуна жиндирго кIалъаялда районалъул бетIер МухIамад ХIасановас.

Байрамги баркун, ВатIан цIухIадурараб лъикIаб программаялъул церерерахъиналъ берцин гьабуна гьеб тадбир. ЦIалдохъаби гIахьаллъараб гьеб программа хIадуриялъе жигар бахъана ЦБСалъул ва Микьигъориб библиотекабазул лъималазул отделазул нухмалъулез. Киналго гьалбал, хасго афгъаналъул рагъул гIахьалчагIи разиго хутIана байрамалдаса ва жидерго гьабураб хIурматалдаса.

М. МУХIАМАДОВ

■ РАЙСОБРАНИЯЛЪУЛ ЛЪАЗАБИ

Март моцIалъул ахиралда ахIизе буго райсобраниялъул иргадулаб сессия. Гьенир гьоркьор лъезе руго гьал хадур рехсарал суалал:

1. Об итогах социально-экономического развития района за 2017год. «О прогнозе социально- экономического развития района на 2018год»
Докладчик: Гасанов М.И- глава МО: Шамильский район».
2. Об исполнении бюджета МО «Шамильский район»
Докладчик: Магомедов Шахбан-зам. Руководителя финансового отдела.
3. О работе правоохранительных органов по профилактике правонарушений и усилению борьбы преступностью районе за 2017год.
Докладчик: Алиев Ибрагим-начальник полиции.
4. Об исполнении плана налогов в бюджеты разных уровней и внебюджетные фонды за 2017 год.
Информации: Хайбулаев Хайбула- и.о руководителя МРИ ФНС №13 по РД

Гьал суалазда хурхарал суалал нужер ратании ритIизе бегьула Райсобраниялде. Гьединго нужер суалал тIад хъварал кагътал рехизе бегьула райадминистрациялда жанире лъугьунаго квегIиса бугеб къеда бараб ящикалъубе.

Райсобраниялъул председатель М. К. ХИЗРОЕВ

«МагIарулазул конгрессалдаса пикраби ва авар мацIалъул фестивалалдаса лахIзатал.

2 гьум.

ХIебда школалда бахIарчилъиялъул дарс

3 гьум.

■ АНТИТЕРРОР

Терроралда данде къеркьей гьоркьоса къотIизе тезе бегьуларо

22 февралалда Антитерроралъул комиссиялъ, районалъул киналго росабазул бегавулзаби, идарабазул нухмалъулел ахIараб гIатIидаб данделъи тIобитIана райадминистрациялъул данделъабазул залалда.

жамгIиял идарабазгун цадахъ терроризмалда данде къеркьеялъе гьабулеб хIалтIуе лъикIаб къимат кьуна жиндирго кIалъаялда районалъул прокурор И. ИсмагIиловасги.

Районалъул АТКялъ гIуцIараб хIалтIуе лъикIаб къимат кьунин

Гьелъул председатель, районалъул бетIер МухIамад ХIасановас хIисаб кьуна терроризмалде данде чIараб комиссиялъ араб соналъ гьабураб хIалтIул, бицана исана гьабизе хIисабалде босаралъул, рехсана кIвар буссинабизе карал аслиял рахъал. Данделъиялда гIахьаллъана Дагъистаналда бугеб Россиялъул УФСБялъул вакил Ш. ГIабдулаев, районалъул прокурор И. ИсмагIилов.

-КигIан къуватабин ккарабги обществоялъул жагъал гьабулеб терроризмалда ва экстремизмалда данде къеркьей гьоркьоса къотIизе тезе бегьуларо нилъеца,- ян абуна гьеб рахъалъ районалда гьабулеб къучIаб хIалтIулги бицунаго МухIамад ХIасановас.

Районалъул нухмалъулез РОВДялъул ва цогидал хIукуматалъулгун абун гIодоре риччан чIезе бегьуларин абуна М. ХIасановас хадубккун гьабизесеб хIалтIуде данделъаразул кIварги буссинабун. Республикаялъул нухмалъиялъул тIалъиялъ гьабулеб тIалабалда ва нилъерго намусалда рекъон терроризмалда ва экстремизмалда данде къеркьеялъулъ щивав чияс, киналго идарабаз, исламиял цебетIураз, жамгIиял гIуцIабаз жидерго бутIа лъезе кколин абуна гьес. – Гьеб ишалъулъ нилъер букIине кола цоцада дандбараб, гъункараб, ракIа-ракьанде щун ургъараб ва гьоркьоса тIей гьечIеб хIалтIи. Гьеб жавабчилъи нилъер щивасда тIад буго, - ян абуна районалъул бетIерас, цойги нухалъ масъалаялде кIварги буссинабун.

М. МУХIАМАДОВ

■ ТАДБИРАЛ

МагIарулазул конгресс ва миллат гъункулеб байрам

«Нилъер миллаталда жаниб цолъиги гьуинлъиги бугони Дагъистаналъул цогидал миллатазда гьоркьобги парахалъи ва гъунки букIуна»- жакъа гIадин ракIалда буго щуго соналъ цебе Хасавюрталда магIарулазул интеллигенция бакIарараб тадбиралда Сайгидпаша ГIумахановас абурал гьал рагIаби. Гьеб букIана Халкъалда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къоялде гьабураб магIарулазул тIоцебесеб ракIари. Гьебго соналъ Сайгидпаша цеве лъугьун къучI лъуна миллаталъул миллат гьабизелъун гIуцIараб магIарул автономиялъе. Гьелдаса нахъе щуябго соналъ тIолабго республикаялда хъирщун аваразул автономиялъ кIодогьаруна миллаталъул рухIияб хазина, хаслъи цIуниялъулъ жидеца ракI лъолел хIаракатчагIи.

«Нилъер миллатцоял цоцазе рокьичIони гьанире ракIариялъул расги пайда букIунаро. МагIарулал цоцаздаса роххизе, чIухIизе къваригIун буго», - **ян абуна ДРялъул транспорталъул, энергетикаялъул ва бухьеналъул министрасул ишал тIуралев Сайгидпаша ГIумахановас исанасеб Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къоялде магIарулал данделъараб мажлисалда кIалъалагоги.**

Нилъер машгъурал ракьцоялги магIарулазул политикалги конгрессалда

МагIарулазул интелигенция бакIарараб кIудияб данделъи букIана 21 февралалда Ма-хIачхъалаялда Гьудуллъиялъул кIалгIаялда. МагIарул миллиябгун маданияб автономия гIуцIаралдаса 5 сон тIубаялда хурхун тIобитIулеб гьеб данделъи ахIиялъул хIалтIи гьабуна жибго гьеб автономиялъ, гьелда гьоркьоре унел Авар мацIалъул мугIалимзабазулгун Авар мацIалда къватIире рачIунел басмабазул ассоциация цадахъ лъугьун. Республикаялъул кIвар бугел данделъаби тIоритIулеб конференцзалалда данделъун рукIана миллаталъул чIухIиян жидер гIемеразде абизе бегьулел нусгоглан чи. Гьезда гьоркьор рукIана министрал, хIукуматалъул чIахIиял хIакимзаби, гIемериселгомуниципалитетазулбутIрул, жамгIиял гIуцIабазул, магIарул мацIалда рахъулел газет-журналазул нухмалъулел, мугIалимзаби, диниял хIаракатчагIи, жамгIиял гIуцIабазул церехъаби ва цоги гIемерал машгъурал магIарулал.

МагIарул миллаталъул вакилзаби данде ракIарниялъе ругел гIиллабиги рехсон данделъи рагьана ва хадубккун гьеб нухда бачана Авар басмабазул цолъиялъул нухмалъулев Бакълъухъа МухIамадрасул ГIумаровас.

МагIарул миллиябгун маданияб автономия гIуцIизе ккараб хIажалъиялъул, гьелъул кIвараль ва щуго соналда жаниб автономиялъ гьабураб хIалтIул, жеги гьабизе хIисабалде босаралъул къокъго бицана гьелъул председатель ШагIбан ХIапизовас.

«Щай рахьдал мацIалде данде нилъго рагъулел?», - ин абун жиндирго рекIее рахIат толареб суалгун, щибаб районалда, шагьаралда, авар мацIалъул дарсал кьолелщинал школазда ругел масъалабиги рагьун, гIатIидаб кIалъай гьабуна Авар мацIалъул мугIалимзабазул Цолъиялъул председатель Баху МухIидиновалъ.

Авар мацIалда рахъулел басмабазул гIунгутIабиги тIокIлъабиги рихьизарун живго нухмалъуда вугеб ассоциациялъ гьел басмабазе гьабулеб квербакъиялъул бицана гьениб МухIамадрасул ГIумаровас.

Гьел аслиял кIалъаязда тIасан жидерго пикраби загьир гьарулаго данделъи саламатаб бахIсалде сверанин абизе бегьула. МацI лъугIулеб бугин зигардичIого гьеб нилъеца щивас жиндирго рокъоб цIунизе кколин букIана гIемерисезулго пикру. - Рокъоб рахьдал мацIалда кIалъаларев чанго чи вуго жакъа гьанив гIодов чIун, - ян абуна Сайгидпаша ГIумахановас. - Щивас жиндирго гъасдаса байбихьизе ккола рахьдал мацI цIуниялъул хIалтIи. Щибаб къоялъ нилъер рохел, пашманлъи, киналниги пикраби загьир гьарулеб алатлъун букIине ккола рахьдал мацI.

Россельхозбанкалъул нухмалъулев, экономикаялъул министерствоялда, хIукуматалъул тIоцевесев вице-премьерлъун гIемерал соназ хIалтIарав, ДРялъул Халкъияб собраниялъул депутатлъун вукIарав ГьитIиномухIамад ХIажимухIамадовас абуна: - Сундего хIажалъи ккараб хIал гьечIо гьанже гIадамазул яшавалъул, гIолареб жо гьечIо. ГIолареблъун буго миллаталъул гъунки, цоцазул къимат гьаби. Дидаги унтула нилъер миллаталъул гIаммал гIузраби. Нилъго нилъецаго какун рукIине бегьиларо. Бокьараб ишалъе бажариги, жанги бугел миллатцоял гIемер руго нилъер, гьезул къимат гьабизе лъазе ккола.

ГьитIиномухIамад ХIажимухIамадовас Гъизляралда ккараб бидулаб лъугьа-бахъиналъул рахъалги жиндирго пашманлъи ва гьелда сверухъ ругел батIи-батIиял харбаздаса разилъи гьечIолъи загьир гьабуна.

Данделъиялъул ахиралда киналго разилъун къабул гьабуна Авар миллаталъул вакилзабазул данделъиялъул хIукмуги.

* * *

ЦОЛЪИ казияталъул хIалтIухъаби фестивалалда

Фестивалалъул бищун гьитIинай гIахьалчIужу Фатима МухIамадова. ХIебда ясли-ах.

Араб анкьил шамат ва гьатIан къояз Авартеатралда букIана Халкъазда гьоркьосеб рахьдал мацIазул къоялде гIуцIараб 5-абилеб фестиваль. Санайилго гIадин гьенирги гIахьаллъун байрам берцин гьабуна гьабуна нилъер районалъул «Информцентралъул» коллективалъ, маданияталъул хIаракатчагIаз авар мацIалъул мугIалимзабаз, цIалдохъабаз хIатта ясли-ахазул гьитIичагицин. МагIарулазе гIаммаб, миллатцоял гъункизарулеб байрамалда гьез бихьизабуна районалъул тарих жанибе бачунел газетазул выставка, магIарул мацI цIуниялъе школазда ва ясли-ахазда бахъунеб хIаракат, нилъер районалъул фольклоралъул, ратIлил, кванил нигIматазул хаслъи.

П. ГЬИТIИНОВА.

Авторасул бокIон

Давуд ДАВУДОВ

«ГIумруялъул ТалихI, киб мун батулеб? Кинаб адресалда мун балагьилеб? Жаваб кьола ТалихIалъ: «Биччанте ХIелму бижизаби дур тIабигIаталъулъ бессун букIине. Сурукълъиялда берцинлъиялде нух бихьизабе. Дур пикрабазулъ букIине биччай тIолго гIаламалъе талихI кьолеб къебелъи..» - гьадин абуна машгьурав педагог, психолог Шалва Амонашвилица

ТIаде щолеб буго ХIелмуялъул дарсазул (Уроки Доброты) цогояб къо-5 март. Исана микьабилеб нухалъ тIобитIулеб гьеб тадбиралъ гвангъизабила хасаб нуралъ, лъикIлъи гьабизе къасдгун хIалтIулел мугIалимзабазул ва лъималазул ракIал. ХIелмуялъул дарсал рукIина нилъер гъваридго тIад хIалтIи гьабураб тарбия кьеялъ, пикрабиги, гIамал-хасияти лъикIлъизабиялъул хIасиллъун. Гьел дарсал кьеялъе щартIлъун букIина мугIалимзабазул, лъималазул, улбузул ракIал журарай, гьеб киналъго цIалдохъабазулъ бижизабила цIодорлъи, ритIухълъи, гIаданлъи цоцаздехун рекIел бацIцIалъи.

Гьел дарсазде хIадурлъулаго нилъеца, мугIалимзабаз ва тарбиячагIаз сверухълъиялдаго мисал бихьизабулеб кьагIидаялъ цIиял гIелал куцаялъул мурадалда бикьила нилъерго бугеб сахаватлъи, гурхIел-рахIму, гIамалалъул гьитIинлъи. Нилъеца кIвар кьела лъималазул букIинесеб берцинлъиялъул мурадалда гьезулгун гIаммаб мацI батиялде, инсанасулъ бугеб лъикIабщиналде гьезул пикру буссинабиялде, гIадамазе лъикIлъи гьабизе гьира базабиялде.

Исана ХIелмуялъул дарсазул букIинисеб ахIи буго: «ЧIахьаги хъизанрукъ!».

Жакъасеб къоялда хъизан-рукъалда цере гIемер масъалаби ва захIмалъаби руго. ТIагIунеб буго гьелъул кьучIалъул щулалъи, жамгIият гIуцIиялъе гьелъул бугеб къиматлъи, кIочонел руго цересел лъикIал гIамалал. ГIарцул, буголъиялъул гурони къимат лъалареб гьаб заманаялъ руго гIадамазул цоцадехун бугеб гьуинлъи, хIеренлъи хвезабулел цIи-цIиял законал рижулел руго. Жакъасеб къоялъ цохIого-цо мугIалимзаби ва тарбиячагIи хутIун руго рухIияб бечелъи цIунулезул мухъил цебесеб кьерда.

«ХIелмуялъул дарсал» кьезе бегьула батIи-батIияб къагIидаялъ: гIадатияб дарсида, класс тун къватIибехун гьабулеб хIаракатчилъиялъулъ, выставкабазда, къецазда ва цогидалги жамгIиял бакIазда.

«ХIелмуялъул дарс» («Урок доброты») лъугIизе кколаро цIумур кьабурабго яги школалдаса, ясли-ахалдаса къватIире лъугьарабго. Гьеб хутIизе кккола лъималазул пикрабазулъ, гIамалалъулъ, букIинисеб гIумрудулъ. Гьединго гьеб дарс даимго цадахъ букIине кола мугIалимзабазе щибаб цIияб дарс нухда бачине кумек гьабулеб бакараб канлъун. ЛъикIлъи, хIеренлъи, недегьлъи ракьалда бикьулез, жидерго мисалалда гьеб бихьизабулез жидедаго сверухъ бекьула талихI. Нилъер наслабазул гIумру талихIаблъун букIиналъул мурадалда «ХIелмуялъул дарс» гьоркьоб биччаге, махщелцоял.

■ БАЙРАМАЛ ВА ТАДБИРАЛ

ХIебда школалда бахIарчилъиялъул дарс

Дунялго хIайранлъарав бахIарчи имам Шамилил къиса яхIалъул, къо хIехьеялъул мисаллъун буго нилъер наслабазе. КиналгIаги байрамазда, хасал къоязда гуребги бокьараб заманалъ бицине бегьулеб темаги буго гьеб. Гьеб нилъер ракIазулъ жеги шулалъиялъе сабаблъун буго Бакълъухъа МухIамад ХIамзаевас хъвараб «Имам Шамил» тIехь. Гьеб, Дагъистаналъул халкъияв шагIирасул тIехьалъ кьолел мухIканал баянал кьочIое росун программаги хIадурун, цIакъ лъикIаб церерахъин бихьизабуна гьал къоязда ХIебда школалда. Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ГIадбуразакъ Рамазановгун цадахъ гьенире ахIун рукIана нижги.

ХIебда школалда бахIарчилъиялъул дарс

Гьеб букIана тарихалъул рагьараб дарс, дарсида гIодор чIезе щванциназул бадиб магIу ххулулеб программа. Кавказалъул рагъул бицунго машгьурал лъугьабахъиназда тIадчIейги гьабун, гьел пашманал къоязул къисмат рагьана цIалдохъабаз балагьаразе. Дун битIахъе хIикмалъана лъималазул рекIехъе сценарий лъазабизе бугеб пагьмуялда, унго-унгояв актеразгIадин, балагьарал гIодизарулеб хIалалъ гьеб бихьизабизе бугеб гьунаралда.

Гьеб тадбир нухда бачаразул цояй, тарихалъул мугIалим Меседу Ибрагьимовалъ хасаб тIадчIей гьабун, тIад юссун щула гьабулеб букIана дарсил аслияб, Кавказалъул рагъуе ахир лъеялъул хIакъалъулъ халкъалда гьоркьоб тIибитIараб, «Шамил гIурусаз асирлъуде восана» - ян цо-цояз рикIкIунеб пикру мекъи букIин.

ХIебда школалда Шамил имамасул бахIарчилъиялъул дарс

Киналго гIахьалчагIазул, гьел хIадурарал мугIалимзабазул цIарал гьанир рехселаро, амма къокъго абила- ХIебда школалъул мугIалимзабазгун цIалдохъабаз хIадурараб гьеб программа бихьана, школалъул тIуцабго жанахIалъуб дагьалго чагIазе гуреб, райцентралъул жамагIатги ахIун, культураялъул кIалгIаялъул кIудияб сценаялда бихьизабизе мустахIикъаблъун. Цоги, ракI-ракIалъ баркалаги загьир гьабулаго гьанибго абила, гьединал хIажатал дарсал хIадурулел мугIалимзабиги, гьез малъараб босулел цIалдохъабиги ругебгIан мехалъ чIаго букIина нилъер умумузул бахIарчияб тарих.

Гьединал ишазе хадубккунги къуват кьеги тадбир гIуцIарал мугIалимзабазе.

П. ГЬИТIИНОВА

Гьоориб росдал цадахъаб байрам

23 февралалда, рохалилаб ахIвал-хIалалда Гьоор росдал клубалда тIобитIана «ВатIан цIунулезул къо». МаркIачIул какидаса хадуб клубалда кIодо гьабизе буго «ВатIан цIунулезул къойилан микрофоналдасан лъазабидал, рохана киналго. ГIемер заманго иналде цIуна клуб. Росдал гIадамазда баркиялъул кIалъай гьабизе рахъана росдал бегавул ГIантигъоев ГIабдулагь, школалъул директор МухIамадаминов Удрат, херазул советалъул председатель МухIамадов ХирасулмухIамад, коммунист партиялъул член ТIалхIатов Амин, Афгъанисталъул рагъул ветеран МухIамадаминов НурмухIамад.

Гьоориб ВатIанцIунулезул къо

КIалъазе рахъараз бицана кинаб захIмат, къварилъи бихьараб нилъер Армиялда, кинал камиял карал рагъазда ва гье-динго бергьиналъул гIиллалъун армиялъул къуват гуребги гьу-дуллъиги вацлъиги букIанин. Гьединго росдал бихьиназда руччабазул рахъалдасан байрам баркун кIалъазе яхъана ГьитIикIахIмаева Патимат.

Росдал культураялъул хIалтIухъабаз школалъул мугIалимзабазгун, цIалдохъабазгун, жигарал росуцоязгун цадахъ хIадурун байрамалда бихьизабуна хас гьабун ВатIанцIунулезул къоялде гIуцIараб лъикIаб программа.

ЦIалдохъабаз магIарул мацIалда рикIкIарал рагъул, ВатIаналъул хIакъалъулъ кучIдуз кIудияб асар гьабуна балагьаразе. 7-8-абилеб классалъул цIалдохъабаз махщалида хIадурун бихьизабуна ЦI. ХIамзатил «Айдемир ва Умайгьанат» абураб пьесаялъул бутIа. Гьединго лъималаз ахIана байрамалъул темаялда кучIдул, рихьизаруна ПатIимат Ибрагьимовналъ лъурал миллиял кьурдаби.

Балагьаразе ракIалдасан унареблъун хутIана школа-искусствоялъул цIалдохъабазул церерахъин.

Ахиралда киназго цадахъ ахIараб магIарулазул гимналъги хасаб берцинлъи кьуна байрамалъулаб тадбиралъе. Ахиралдаги росдал бегавул ГIабдулагьицаги, школалъул директор Удратицаги культураялъул директор Сурхайицаги, ХIебда школалъул байбихьул классазул завуч Салимат МухIамадовалъги церерахъиналда гIахьаллъарал цIалдохъабазе кьуна гIарцулал сайигъатал.

ЖамагIат разиго хутIана гьеб байрамалдасан.

Баркала гьеб хIадурарал киназего.

Гьоор КДЦ хIалтIухъан ГIайшат ГIАЛИЕВА

Районазда гъоркьоб нилъее II -абилеб бакI

22 февралалъ МахIачхъалаялда букIана ДРялъул спорталъул министерствоялъул коллегия. Гьениб хIасилал гьаруна 2017 соналъ гьабураб хIалтIул, бицана 2018 соналъ гьабизе бугелъул, гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул администрациялъул ва спорталъул вакилзабазги.

2017 соналъ районазда физкультура ва спорт цебетIеялъе гьабураб хIалтIул хIисаб гьабида II -абилеб бакI щун буго нилъер районалъе.

Гьеб бергьенлъиги баркун ДРялъул спорталъул министрасул тIоцевесев заместитель Зайнал Салаутдиновас нилъер районалъе кьуна кубок. Гьенибго гьес абуна министерствоялъ нилъер районалъе 100 азарго гъурщил багьаялъул спорталъул къайиги кьезе бугилан. Спорт цебетIеялъе бахъунеб хIаракаталъухъ баркалаги загьир гьабун министрасул заместителас хIурматалъул грамота кьуна нилъер районалъул физкультураялъул ва спорталъул бетIерав специалист Гьимат Гьиматовасе.

Баркула Гь. Гьиматовасда иргадулаб ва мустахIикъаб шапакъат.

ГIурадаса НурмухIамадил иргадулаб бергьенлъи

Араб шамат къоялъ Украиналъул тахшагьаралда букIана Халкъазда гьоркьосеб гугариялъул турнир. Гьенир гIахьаллъана 38 улкаялдаса бищунго къуватал ва машгьурал гугарухъаби. Гьеб турниралда лъабго меседил ва цо гIарцул медалал росана, батIи-батIиял пачалихъазул байрахъалда гьоркь цере рахъарал ункъго дагъистанияс. Гьезул цояв - нилъер ракьцояв, ГIурадаса НурмухIамад ХIажиев.

97 кг. цIайиялда Азербайжаналъул командаялда гьорлъ цеве вахъарав гьев, дандияздa тIад ракIчIараб бергьенлъиги босун Киевалъул турниралъул чемпионлъун вахъана.

- Дунялаллъулго бищун къуватал Иранaлдаса, СШАялдаса, Европаялдаса речIчIухъаби рукIана гьеб турниралда. НурмухIамадица унго-унгояб бихьинчилъи, къвакIи бихьизабуна, - ян бицана нижее, гьеб турниралда Н. ХIажиевасе шапакъат кьурав нилъер ракьцояв, ССРалъул спорталъул мастер, Украиналъул грекоримлингалъул федерациялъул президент МухIамад Магьдиевас. – Дун чIухIарав ва вохарав вуго гьидерил гIолохъанчиясул бергьенлъиялдаса ва гьесие шапакъат кьезе щвеялдаса.

Росуцоял ракIалде щвеялъе

24 февралалъ Сомода росулъ тIобитIана гIолохъанго хварал росуцоял ракIалде щвеялъул мурадалда гIуцIараб спорталъул хIаязул къецал. ГIадатлъун билълъухъе ВатIан цIунулезул къоялда данде ккезабун росдал гIолохъабаз санайилго гIуцIула гьеб тадбир.

Гьеб рагьана росдал имам МухIаммад МухIаммадовас. Гьес жиндирго каламалъулъ загьир гьабуна ВатIан цIуниялъул бугеб кIваралъул, Исламалъги гьелъие кьолеб къиматалъул. Мисалалъе гьес рехсана имам Шамилил ва гьесул муридзабазул къеркьей, КIудияб ВатIанияб Рагъда гIахьаллъарал бусурбабазул гьунар. Гьенивго кIалъарал Ругъеда школалъул директор МухIамад ТIайгибовас, районалъул рагъулаб комисариаталъул вакил МуртазагIали Абакаровас баркиялъул каламалдаса хадуб бицана гьединал тадбираз гIолохъаби гъункизариялъе, жамагIат гъункиялъе, умумузул тарих цIуниялъе бугеб цIикIкIараб пайдаялъул.

2002 соналъ росулъ гьединал тадбирал тIоритIиялъе къучI лъурав Халилула МухIамадовас ракIалде щвезаруна 2000-абилеб сонал: «Дида ракIалда буго доб сон, хIаязухъ балагьизе ракIгIарарал нилъер харабазул кIудияб къир, Аллагьас мунагьал чурайги гьезул, гIемерисел ратIалъана нилъедаса. Бергьенлъи босарасда баркун, нахъе ккарасе ракI-макI гьабун, гьез гьабулеб букIараб калам. Жакъа гьанир гIахьаллъи гьабулел гIолохъабазул цоял гьарунцин рукIинчIо доб мехалъ. Нужеца гIолохъанлъиялъул къимат гьабе, гьеб къиматаб заман гIадада ине биччагe» - ян абуна гьес.

Ахиралда дугIаги гьабун кири хваразул рухIазе кьуна тIолалго ракIарараз.

ХIаязулъ гIахьалъи гьабуна волейболалъул 6 командаялъ. ТIоцебесеб бакI ккуна студентазул командаялъ. КIиабилеб бакI щвана ХIебда росулъ гIумро гьабун ругел гIолохъабазул командаялъе. Лъабабилеб бакIалде ккана МахIачхъала шагьаралда гIумро гьабун ругел гIолохъабазул команда. Бергьенлъи босараб командаялъе кьуна кубок, гьединго лъабабго командаялъе кьуна медалалги ва гIарцул сайгъаталги.

Хадубги рукIана санаде рахъинчIел васазда ва гIолохъабазда гьоркьоб турникалда цIаялъул, кIанцIиялъул, чIорбутIалъул къецал.

Бергьенлъи босарaзе кьуна гIарцул шапакъаталги ва «Шамил районалъул гIолилал» жамгIияб гIуцIиялъул, Шамил районалъул администрациялъул ва Рагъулаб комисариаталъул рахъалъан грамотабиги.

Гьал хIаял тIоритIиялъе квербакъи гьабуралдасан ккола «Шамиль районалъул гIолохъаби» - абураб гIуцIи, Сомода клубалъул директор Атаранов ГIумарасхIаб ва гьезие кидаго хIалае ратулел росдал гIолохъаби ва жидерго магIишаталдаса садакъа гьабулел росуцоял, тIолабго жамагIат. Гьездаса киназдасаго Аллагь разилъайги ва хадубккунги къуватги сахълъиги кьейги гьадинал маджлисал берцин гьариялда сверухъ хIалтIи гьабизе. Амин.

Информация хIадурана «Шамил районалъул гIолилал. Сомода» гIуцIиялъ

Тирилъи цIикIкIунел къецал

23 февралалъ ХIебда букIана Гьоор, Лъахъ, ТIаса Бакълъухъ, ГIурада, ХIотода, ХIебда школазул цIалдохъабаз гIахьаллъи гьабураб физкультураялъе варагъулал хIаязе бугеб тирилъи бихьизабулел «Зарница» къецал.

Киналго командабазда ва гьел куцалел мугIалимзабазда ВатIан цIунулезул байрамги баркун къецал рагьулеб тадбиралда кIалъана райадминистрациялъул гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабулев аслияв специалист МухIамадрасул Хатиев, районазда гьоркьосеб рагъулаб комисариаталъул вакил ГIабдулхаликъ ГIабдулхаликъов, спорталъул бетIерав специалист Гьимат Гьиматов.

Къецал рукIана 7 номинациялдаса гIуцIарал. Киналго номинациязда росарал бакIазул хIисабги гьабун бергьенлъи щвана Гьоор школалъул командаялъе, кIиабилеб бакIалъе мустахIикълъана ХIебда школалъул команда, лъабабилеб бакIалде рачIана Лъахъ школалъул цIалдохъаби.

Къецал гIуцIараз бергьенлъи босарал командабазе кьуна шапакъаталги.

- Районалда тIоритIулел къецазда цIикIкIун командабаз гIахьаллъи гьабизе бокьилаан, - ин абуна нижее «Зарница» къецазда букIараб ахIвалхIалалъул бицунаго МухIамадрасул Хатиевас. - Гьединал тадбиразда гIахьаллъизе тирилъиги, гьунарги цIубазе буго гIолилазул. МугIалимзабаз кIвар кьолеб бугони къецазда гIахьаллъизе бокьуларел васал рукIинин кколаро.

«Зарницаялда» хIурматиял гьалбаллъун рукIана Республикаялъул къецазад II-абилеб бакI щвараб районалъул волейболалъул командаги. Хас гьабун цереги ахIун, райадминистрациялъул рахъалдаса къиматал шапакъатал ва хIурматалъул граммотабиги кьун кIодо гьаруна гьел гIолохъабиги.

М. МУХIАМАДОВ

ЦОЛЪИ

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР
П. ГьитIинова
(Балилова)
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
М. ГIумарасхIабов.

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ
Д. Давудов
М. МухIамадов

НАБОР
Рисалат Абакаровалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал: Муниципалияб гIуцIи «Шамильский районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район», Шамильское районное собрание

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана “Цияб канлъи” ва “БагIараб цIва” абурал цIаразда гьоркь.

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватIисел бухьеназул министерствоялъул “ТУП РГЖТ” типографиялда, Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрована Министерством РФ по делам печати, телерадиовещания и средств массовых коммуникаций Южного окружного межрегионального территориального управления.
Регистр.ПИ№10-4593.

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данделкколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жавабчилъи кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественностальъ къимат кьезелъун.

Нижер электрониябпочтаялъул адрес:
infcentr2015@yandex.ru

Издателасул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХIебда росу
Имам Шамилил къватI № 50